Pou Piblikasyon Imedya: 17/04/2017 **GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO**

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE RANPLASMAN PON ROUTE 4 LAN KI NAN HUDSON FALLS LAN TE REPRANN

Travay yo dwe Konplete Yon Fason Konsiderab Apati Sezon Otòn Lan; Yo Fè Pati Kontra Plizyè Pon an pou Ranfòse Enfrastrikti New York yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke travay yo te reprann nan yon pwojè pou ranplase pon Route 4 (Main Street) lan ki sou kanal Glens Falls Feeder Canal ki nan vilaj Hudson Falls, Konte Washington. Pon Route 4 lan te konstwi an 1931 epi li ap pote anviwon 9,400 veyikil motorize pa jou. Pwojè a, ki te pwograme pou fin konplete yon fason konsiderab pandan sezon otòn sa, li fè pati pwogram Empire Bridge $542 milyon Gouvènè Cuomo a, ki se yon pyès kle nan angajman New York pou rekonstwi enfrastrikti enpòtan yo atravè Eta New York.

“Nan vityèlman chak kwen nan eta sa, nou ap rekonstwi epi ranfòse enfrastrikti transpò nou yo pou kapab asire rezistans pèmanan li, depandabilite ak vyabilite li pou ane ki ap vini yo,” **se sa Gouvènè Cuomo te deklare.** “Pwojè sa pou ranplase Pon Route 4 lan ap mete aksan sou angajman nou nan amelyore eksperyans vwayaj pou alafwa abitan menm jan ak vizitè yo, sa ki ap ede favorize touris ak kwasans ekonomik atravè modènizasyon inovatif yo sou wout ak pon yo atravè New York.”

Pwogram Empire Bridge lan, ki administre pa Depatman Transpò Eta New York lan (New York State Department of Transportation), ap ranplase 100 estrikti pon ki ap vyeyi atravè eta a. Nouvo pon yo ap pi rezistan epi reziste kont inondasyon pi byen. Finisyon pwogram Empire Bridge la ap bay rezidan kominote atravè Eta a pon ki pi solid e pi rezitan, epi redwi chans pou reta ak detou nan deplasman sou otowout la pandan gwo lapli ak inondasyon. L ap asire aksè kontini pou sèvis pou sove lavi enpòtan yo nan ka gen yon ijans.

Yo te mentni sikilasyon sou Route 4/Main Street lan nan toulède direksyon yo pandan konstwiksyon an, ki te kòmanse ane pase epi ki ap fèt an faz — yo ap ranplase yon mwatye nan pon an alafwa. Yo te ranplase bò nan direksyon sid pon an nan ane 2016. Pandan ke yo te ranplase bò nan direksyon nò pon an ane sa, sikilasyon nan toulède direksyon yo pral itilize bò nan direksyon sid ki fèk fin ranplase an. Pyeton ak siklis yo pral itilize yon pon tanporè ki te enstale nan mwa Novanm, jis nan lwès pon Main Street Bridge lan.

Matthew J. Driscoll, ki se Komisè Depatman Transpò nan Eta New York, te deklare, “Pon Main Street Bridge ki sou kanal Feeder Canal lan ki nan Hudson Falls ansanm ak lòt kat pon sa yo pami douzèn pon yo ke nou ap ranfòse gras a Pwogram Empire Bridge Gouvènè Cuomo a. Travay yo fè pon sa yo vin pi rezistan kont kondisyon metewo ekstrèm yo pou Nouyòkè ki depann de koridò vwayaj enpòtan sa yo, pandan ke y’ap pwomouvwa tou kwasans ekonomik.”

Travay nan Route 4/Main Street yo fè pati yon kontra konsepsyon-konstwiksyon $20.7 milyon pou ranplase senk pon. Konsepsyon-konstwiksyon an pèmèt konbinezon sèvis konsepsyon ak konstwiksyon yo an nan grenn kontra yo pou ede akselere travay yo nan enfrastrikti vital yo pou kapab ekonomize lajan kontribyab yo. Sa ki deja konplete kòm yon pati nan pwojè sa se ranplasman Pon Route 196 lan ki sou kanal Glens Falls Feeder Canal, epi tou ki nan vilaj Hudson Falls, ak Pon Route 9N lan ki sou Kayaderosseras Creek ki nan komin Greenfield, Konte Saratoga.

Pon Route 28 lan ki sou rivyè Hudson River an ki nan komin Thurman, Konte Warren, li fè pati kontra sa tou; travay yo nan pwojè sa te kontinye pandan sezon ivè a epi yo pwograme pou fin konplete pandan sezon otòn sa. Pon nan direksyon sid Route 9 lan ki sou Kayaderosseras Creek ki sou fwontyè vil Saratoga Springs lan ak komin Malta li te ranplase nan kontra sa pa yon nouvo pon ki fin ouvri totalman pou sikilasyon pandan sezon otòn pase a. Betonaj final branch sa pwograme pou fèt an Me.

Senatè Betty Little te deklare, “Enkyetid prensipal nou se sekirite pou otomobilis ak pyeton yo, epi nouvo pon sa pral ede asire sa. Antan ke reprezantan yon rejyon ki depann anpil de touris, mwen konnen tou ke premye enpresyon konte. Kalite ak aparans enfrastrikti nou yo ajoute sou eksperyans jeneral pou vizitè yo ke nou vle pou retounen ankò e ankò, kidonk tip envestisman sa yo ede.”

Carrie Woerner, ki se Manm Asanble, te deklare, “Mwen apresye fokis pèmanan Gouvènè a sou enfrastrikti yo ki nan kominote rejyon nò nou yo. Envestisman nan amelyorasyon enfrastrikti enpòtan yo ki nan Hudson Falls yo pral sipòte jefò revitalizasyon Vilaj lan yo.”

Robert A. Henke, ki se Prezidan Komite Sipèvizè yo (Board of Supervisors) nan Konte Washington, te deklare, “Moun ki ap vwayaje sou otowout nou yo souvan pa reyalize jefò ki dwe fèt pou kapab asire sekirite yo. Pon Main Street Bridge lan ki sou kanal Feeder Canal li te an plas depi prèske 90 ane, epi pwojè ranplasman sa se yon nesesite kritik pou kapab kenbe sikilasyon trafik sou yonn nan wout eta nou an yo ki pi chaje yo. Mwen apresye ke yo rekonèt nesesite sa.”

N’ap fè otomobilis yo sonje ke kontravasyon yo double lè yo depase vitès limit nan zòn travay yo. Konfòmeman ak Lwa 2005 sou Sekirite Zòn Travay yo (Work Zone Safety Act), kondanasyon pou de oswa plis vyolasyon vitès limit nan yon zòn travay kapab lakòz yo revoke lisans yon moun.

Pou jwenn dènye enfòmasyon sou vwayaj, rele 511 oswa vizite www.511NY.org, oswa sit mobil nou an nan m.511ny.org.

Swiv DOT Eta New York sou Twitter: @NYSDOT. Jwenn nou sou Facebook nan facebook.com/NYSDOT. Pou resevwa twit ki soti nan New York State DOT Region 1 (ki kouvri rejyon kapital la), suiv @NYSDOTAlbany.

###